


KLAS 6YEM ANE



P.S 117
Briarwood, New York

Kourikoulòm 6yèm Ane
April 2011

Bilten Nouvèl sou Kourikoulòm klas 6yèm Ane

Matematik

Elèv klas 6yèm ane fèk fini seksyon Jewometri, kote elèv yo te gen yon chans pou fè pwojè pratik ki pwouve konesans yo nan matyè a. Kounye a, n ap etidye rapò, pwopòsyon, pousantaj ak pwobablite. Metsousa, n ap prepare elèv nou yo pou egzamen Matematik Eta Nouyòk *New York State* (NYS) avèk pratik egzamen k ap endike ladrès nou bezwen aprann pandan ane lekòl la.

Syans

22 avril se Jou Latè *Earth Day*. Elèv yo ap itilize konesans sou tanperati ak dlo yo genyen pou fè rechèch sou tip konsèvasyon ak ekoloji. Y ap fè sigjesyon konsènan fason yo ka pwoteje latè. Rezònman sa a ap fè yo abòde pwochen chapit nou a, Popilasyon ak Ekosistèm.



Syans sosyal

Elèv yo ap kontinye rechèch yo pou rive nan devlopman sivilizasyon nan pati wès latè a. Y ap rekonèt dekouvèt yo te fè anvan ke n ap itilize jis kounye. N ap pase tan ap etidye mwayennaj epi n ap wè ki pwogrè imanite fè nan dènye mil an ki sot pase yo.

Seminè Lekti ak Redaksyon

N ap prepare elèv klas 5yèm ak 6yèm ane pou Egzamen Art lang angle *English Language Arts* (ELA) NYS. Ane sa a, gen plis chans pou mande elèv yo travay yon peryòd tan pi long pase anvan nan egzamen an. Gen plis chans pou mande elèv klas 5yèm ane pou yo li pandan 60 minit, ak elèv klas 6yèm ane pou yo li pandan 80 minit, lè sa a, yo ka gen pou li pi gwo kantite tèks, epi gen plis chans pou tèks yo se divès dokiman reyèl. Elèv yo ap gen pou konsantre yo pou itilize yon seri estrateji lè y ap li anpil tèks lè sa a. Anplis y ap mande elèv yo li pandan peryòd tan pi long, y ap mande yo tou pou yo li dokiman pi long. Gen anpil chans pou kantite tèks pou elèv li ap apeprè de (2) paj pou klas 3yèm jiska 5yèm ane ak twa (3) paj pou elèv klas 6yèm ane. Y ap mande elèv yo akimile ak rezime enfòmasyon ak lide yo jwenn nan tèks pi long yo. Kidonk nou bezwen ranfòse andirans yo pou yo li, e pou kantite tan pou yo li e pou longè tèks y ap gen pou li.

N ap prepare elèv nou yo tou pandan seminè redaksyon an pou seksyon redaksyon nan egzamen ELA a. Elèv yo ap gen pou li de (2) tèks sou yon sijè epi y ap gen pou itilize detay nan de (2) tèks yo pou fè yon redaksyon. Elèv yo ap fè redaksyon nan salklas yo pandan seminè redaksyon an. Elèv yo ap bezwen aprann ke nan redaksyon an, y ap bezwen site prèv espesifik yo jwenn nan tèks la. Plan jeneral nan pati redaksyon sa a ap pou elèv yo fè yon nouvo redaksyon chak de (2) jou pou reponn yon nouvo kesyon.